*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№174 (26626)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2026 азы 23 сентябрь – рухæны мæйы 23 бон, æртыццæг

Аргъ 10 сомы

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 СОЦИАЛОН АХЪАЗ
*Газ адæммæ хæццæ кæнын*

3 ХÆХБÆСТÆ
*Нæ кæмтты, нæ фæзты*

4 НАЦИОН ПРОЕКТТÆ
*Æнæниздзинады хос*

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
https://max.ru/id1504031916_gos

**Æргом ныхас**

## Фембæлд фæсарæйнаг цæстдарджытимæ

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО фембæлд, Цæгат Ирыстонмæ чи æрцыд, уыцы фæсарæйнаг цæстдарджытимæ. Ныхасы архайдтой дзыллон хабархæссæг фæрæзты кусджытæ дæр.**

Ныхас рауад æвзæрстыты æргомдзинад æмæ æдасдзинады фарстатыл. Фембæлды ма архайдтой УФ-йы Президенты Аппараты æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы федералон зылды, федералон инспектор Цæгат Ирыстоны **Сергей Гончаров,** РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдар **Тускъаты Таймураз,** РЦИ-Аланийы Центрон æвзарæн къамисы сæрдар **Моргуаты Жаннæ** æмæ РЦИ-Аланийы Æхсæнадон палатæйы сæрдар **Нинæ Чиплакова.**







Æндæрбæстаг цæстдарджытæ æмæ журналисттæн Сергей Меняйло сæ куысты фæдыл арфæ ракодта:

– Æвзæрстытæ цыдисты нæ паддзахадæн зын рæстæджыты. Уый тыххæй иу æмæ дыууæ хатты нæ бæстæйы Президент Владимир Путин нæ раныхас кодта. Нæ республикæйы хъæлæс кæныны бонтæ ацыдысты æнæ æгъдау хæлдтытæй. Мæхи цæстдарды фæлтæрддзинадæй дæнцæг хæссын: тæккæ фыццаг бон дæр адæм куыд сæрæн æмæ иузæрдионæй цыдысты, уымæн æнхъæл нæ уыдыстæм. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ нæ æддагон ныхмæлæуджытæй æхсæнад ныддихтæ кæнынил чи архайдта, уыдонæн сæ фæндтæ сæ къухы нæ бафтыдысты, фæлæ адæм æрбалæууыдысты нæ Президенты фарсмæ. Мах та биноныг бакуыстам æдасдзинады фарстайыл, – загъта Сергей Меняйло.

Фæсарæйнаг цæстдарджытæ сæ хъуыдытæ загътой нæ республикæйы æвзæрстыты æргомдзинад æмæ хорз уавæрты фæдыл. Æндæрбæстаг эксперттæ бæрзонд бæрæггæнæн раттой Цæгат Ирыстоны æвзарæн процессæн.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

**Хицауадæй**

## Рæзты фæндагыл

**РЦИ-Аланийы Хицауады радон æмбырд амыдта Сæрдары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг ДЗАНАЙТЫ Барис. Хицауады уæнгтæ, ведомстæвты разамонджытæ цы фарстатыл дзырдтой, уыдон ииуылдæр баст сты нæ республикæйы районты, горæтты æмæ хъæуты социалон-экономикон рæзтимæ, цæрджыты удæнцойдзинадимæ.**



Боны фæткы фыццаг уыд кадрты фарста. Тарифты регионалон службæйы разамонæджы хæдивæгæй снысан кодтой юридикон наукæты кандидат **Кучиты Эдуарды фырт Хъазыбеджы.**

Æмбырды архайджытæ базонгæ сты РЦИ-Аланийы Хицауады куысты пъланимæ 2026 азы цыппæрæм кварталы.

РЦИ-Аланийы экономикон рæзты министры хæдивæг **Олег Быкадоров** фехъусын кодта ацы азы фыццаг æмбисы нæ республикæйы социалон-экономикон рæзты бæрæггæнæнтæ. Йæ ныхасмæ гæсгæ, республикæ цæуы рæзты фæндагыл. Алывæрсыг æххуыс исынц амалхъомтæ, ныридæгæн нæ республикæйы æнтыстджынæй кусынц бизнесы 3270 объекты. Куыст цæуы национ проекттæ царды рауадзыныл.

– Туристон хъалон æмбырд кæныны хъуыддаг нæ республикæйы кусы 2025 азы январæй нырмæ. Афæдзы райдианæй уыцы хуызы хъалонтæ бюджетмæ бацыд 11,5 милуан сомы. Аттестаци чи ацыд, уыцы 64 гиды кусынц Ирыстоны уазджытимæ, – загъта министры хæдивæг.

Социалон къабазы лæггæдты тыххæй, падзахадон программæ «РЦИ-Аланийы социалон рæзт»-мæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй дзырдта нæ республикæйы фæллой æмæ социалон рæзты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Абайты Юри.** Куыд загъта, афтæмæй ацы аз дарддæр алывæрсыг æххуыс уыдзæн сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн, бирæсывæллонджын æмæ фæкæсинаг бинонтæн. Æдæппæтæй ацы аз социалон лæггæдтæн радих кодтой авд миллиард сомы.

Хъæууон хæдзарады министры хæстæ æххæстгæнæг **Мæхъиты Алан** рæгъмæ рахаста, зæхкусæгæн алывæрсыг æххуыс кæныны фарста. Йæ ныхасмæ Хицауады Сæрдары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг бафтыдта, 2026 азы агропромышленнон комплексы рæзтæн субсидитæ кæй радих кодтой 70 милуан сомы.

– Сæйрагдæр у, цæмæй паддзахадон æххуыс афойнадыл фæхæццæ уа алкæмæдæр, – загъта Дзанайы-фырт.

Нæ республикæйы 1052 æрыгон бинонтæ хæстæгдæр рæстæг райсдзысты ног, æнцонвадат фатертæ, сæ номхыгъд сфидар кæныныл дзырдта РЦИ-Аланийы арæзтад æмæ архитектурæйы министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Бетанты Марат.**

РЦИ-Аланийы санитарон сыгъдæгдзинад, нæ хъæуты æмæ горæтты цъæхвæлыст æмæ æнцонвадаты мæйон 2026 азы октябры-ноябры цæмæй ацæуа, уымæ фæсидтис РЦИ-Аланийы Æрдзон фæрæзты æмæ экологийы министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Бæзаты Вадим**. Ацы куыст æмцæдисонæй, районты разамынд æмæ цæрджыты иумæйаг фæндон æмæ хъарутæй кæй кæнгæ у, уый фæнысан кодта Дзанайты Барис.

Нæ республикæйы доны объектты адæмы æдасдзинад æххæст кæныны фæткæвæрд сфидар кæнын ахсджиагыл банымадтой æмбырды архайджытæ æмæ йыл схъæлæс кодтой.

Хицауады æмбырды ма ныхас цыд æндæр вазыгджын фарстатыл.

**ГУГКАТЫ Жаннæ**

### РЕСПУБЛИКÆ ЦÆГАТ ИРЫСТОН-АЛАНИЙЫ ПАРЛАМЕНТЫ УЫНАФФÆ

**Сергей Иваны фырт Меняйлойы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæгæй равзарыны тыххæй**

Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Конституцийы 19 пункты 71-æм статьямæ гæсгæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламент **уынаффæ хæссы:**

1. Сергей Иваны фырт Меняйлойы Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Сæргълæууæгæй фондз азы æмгъуыдмæ равзарын.
2. Ацы Уынаффæ Уæрæсейы Федерацийы Президент Владимир Путинмæ арвитын.
3. Ацы Уынаффæ газеттæ «Северная Осетия» æмæ «Рæстдзинад»-ы ныммыхуыр кæнын.
4. Ацы Уынаффæ йæ тыхы бацыд йе сфидар кæныны фæстæ.

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Парламенты Сæрдар** **ТУСКЪАТЫ Таймураз**

*Дзæуджыхъæу,*
*20-æм сентябрь,*
*№ 1199/54-7*

### Арфæ Зынаргъ Хъамболты Марат!

***Æппæтдунеон æхсæнадон змæлд «Аланты Ныхас»-ы координацион совет дын арфæ кæны, Республикæ Хуссар Ирыстоны цæрджытæ дæ паддзахадон бынатмæ æмæ сæ Президентæй кæй равзæрстой, уый тыххæй.***

***Марат Аркадийы фырт!***

***Дæхимæ цы егъау хæс райстай, уый баст у адæмы стыр бæллицтимæ, сæ царды уавæртæ бæрцвылдæрæй хуыздæр кæнынимæ. Уырны нæ, дæ размæ æвæрд рæсугъд нысантæ дæ къухы кæй бафтдзысты кад æмæ радимæ барджын хъуыддæгты.***

***Нæ зæрдæ дын зæгъы фидар æнæниздзинад, бинонты цардамонд, зынгæ æмæ ахъазгæнæн æнтыстытæ дæ вазыгджын куысты мидæг.***

***ФРАЙТЫ Хъазыбег,***
***ÆÆЗ «Аланты Ныхас»-ы координацион советы сæрдар***

**Кусæг балц**

## Ахуырады фарстатæ

**РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг АЛЫБЕГТЫ Эллæ йе 'мкусджытимæ бабæрæг кодта Дзæуджыхъæуы бирæпрофилон техникум. Фыццаджыдæр, каст цыдис æдасдзинады хъуыддагмæ. Уымæй райдайы ахуырадон организацийы куыст. Сбæрæг кодтой техникуммæ уадзыны фæтк, журналты хыгъды нымæцтæ, раст æмæ сæм афоныл хаст бæрæггæнæнтæ.**

Вазыгджыныл нымад у, студентты практикæйы хæрзхъæддзинад. Практикæ хъуамæ æцæг профессионалон бæрæггæнæнтæ дætта æмæ баст цæуа студенты фидæны фæллойимæ. Уæлдай æргом аздæхта, æрыгон фæлтæр ахуырмæ куыд цæуынц, уыцы фарстамæ. Техникумы директор фидар фæтк сæвæрдта: ахуырæй арæх цухтæ чи кæны æмæ цæй аххосæй фæцух кодтой, уыцы хабæрттæ сбæлвырд кæнын æмæ студенттимæ кусын.

Алыбегты Эллæ æркаст студентты хæлцадмæ дæр: санитарон нормæтæ куыд æххæстгонд цæуынц, сæ рационы уавæр æмæ хæрæндоны куыст. Министры хæстæ æххæстгæнæгмæ сæвзæрдысты фиппаинæгтæ. Уый бахæс кодта профилон хайæдтæн ахуырадон куыстуаты хæлцадмæ хицæн цæст дарын, æппæт лыггæнинаг фарстатæ дæр сбæлвырд кæнын æмæ сын сæ бæрæггæнæнтæ уый фæстæ бавдисын. Министр бабæрæг кодта æмдзæрæн дæр. Æркаст, студенттæ цы уавæрты цæрынц, сæ санитарон æмæ æдасдзинады фарстатæм.

Алыбегты Эллæмæ йæ балцы рæстæг цы фиппаинæгтæ сæвзæрд, уыдоны фæдыл бæлвырд хъуыддæгтæ бахæс кодта техникумы разамындæн. Зæрдыл æрлæууын хъæуы уый, æмæ нæ республикæйы Сæргълæууæджы фæдзæхстмæ гæсгæ, астæуккаг ахуырады системæйы бюджетон бынæтты нымæц фæстаг азты фæфылдæр, сæ ахуырады рæзтæн сын арæзт цыдысты æппæт уавæртæ дæр.

**ДАДТЕТЫ Тамилæ**

### РЦИ-Аланийы Парламенты æмбырды тыххæй

**Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты фæндзай фæндзæм æмбырд уыдзæн 2026 азы 24 сентябры 10 сахатыл Хицауады Хæдзары æмбырдтæ аразæн залы (Сæрибары фæз, 1).**

**Депутаттæ æмæ хуынд адæмы регистраци кæндзысты 2026 азы 24 сентябры 9 сахатæй фæстæмæ Хицауады Хæдзары фойейы.**

**Телефонтæ: 53-13-06, 53-33-16.**




### Дзырды фарн

***Чи – йæ зондæй буц æмæ хъал, чи – йæ тыхæй.***

*ÆМБИСОНД*

Боныхъæд: Gismeteo-йы бæрæггæнæнтæм гæсгæ, **23 сентябры** нæ уардзæн. Уæлдæфы температурæ – **13-28 градусы хъарм.**

Боны дæргъ — 12,09

Хурыскаст — 05,49
Хурныгуылд — 17,59

Валютæйы аргъ: Доллар — 84,51; Евро — 97,05

12 +

**Социалон ахъаз**

# Газ адæммæ хæццæ кæныны программæ



**Уæрæсейы Президент Владимир ПУТИН, политикон парти «Иугонд Уæрæсе» цы хъæппæристæ рахаста, ома газ социалон æгъдауæй фæпарахат кæныны хъуыдыимæ сразы ис.**

Политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы Генералон советы нымæрдар **Владимир Якушев** телехиды куысты рæстæг Президент Владимир Путины базонгæ кодта партийы хъæппæристимæ. Йæ ныхасмæ гæсгæ, социалон объектты уагдæттæ газимæ баиу кæныны нысантæ хорз ахъаз фæуыдзысты регионты социалон-экономикон рæзтæн. «Ныртæккæ дæр нæм бирæ адæм æрхатыдысты, цæмæй хъæуккаг цæрæнбынæтты Культурæйы хæдзæрттæ дæр уыцы хыгъдмæ бахæссой», – загъта Владимир Якушев.

Политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы Генералон советы нымæрдар куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй парти Уæрæсейы субъекттæй райста фæрæзтæ, цæмæй газимæ баиу кæной цæрæн хæдзæрттæ дæр. Уый руаджы адæмы цардыуаджы фадæттæ зынгæ фæхуыздæр уыдзысты. Уæрæсейы Президент Владимир Путин уыцы партион хъæппæристимæ сразы ис.

Президент рæгъмæ цы хъуыдытæ рахаста, уыдоны загъд æрцыд, ома курын, цæмæй Уæрæсейы Хицауад социалон æгъдауæй газ адæммæ хæццæ кæныны программæ фæпарахадæр кæной. «Бахæссут æм Культурæйы хæдзæрттæ, уыдон хъæуккаг бынæтты сты æхсæнадон царды сæйрагдæр фæзуæттæ. Ацы аз регионтæн Хицауады фæстауæрцы фондæй ноджыдæр ма 1,2 миллиард сомы радих кæнын хъæуы. Уыцы фæрæзтæй адæмæн сæ бон уыдзæн газы ифтонггæрзтæ балхæнын. Ома комкоммæ æххуыс бакæнын адæмæн», – бафæдзæхста Владимир Путин.

Уæрæсейы Президент куыд нымайы, афтæмæй социалон æгъдауæй газ адæммæ фæхæццæ кæныны программæ у регионты, фыдыбæстаг артаджы-энергетикон комплекс æмæ æнæхъæн бæстæйы сæйрагдæр хъæппæристæй иу. Газ хæццæ кæныны программæмæ йæ райдайæнæй фæстæмæ хъус дарынц «Иугонд Уæрæсе»-йы минæвæрттæ бынæтты. Владимир Путин куыд зæгъы, афтæмæй парти рахаста программæ фæпарахадæр кæныны хъæппæристæ, граждæнтæн уæлæмхасæн æххуыс бакæныны мадзæлттæ.

«Газпром»-ы сæргълæууæг **Алексей Миллер** куыд радзырдта, афтæмæй политикон парти «Иугонд Уæрæсе» «Газпром»-имæ иумæ бавнæлдтой социалон æгъдауæй газ адæммæ хæццæ кæныны программæ царды уадзынмæ. Уый адæмы цардæн хорз фæахъаз уыдзæн. «Фæстаг фондз азмæ программæйы руаджы газ бахæццæ 2150 цæрæнбынатмæ. Уæрæсейы газы хæдзарады историйы ахæм дæнцæгтæ нæма уыд», – фæбæрæг кодта Алексей Миллер.

Цæгат Ирыстоны газы ацы программæ æххæстгонд цæуы рæвдз къахдзæфтæй. Лæвар æй баугътой 3900 хæдзармæ, республикæ ацы бæрæггæнæнтæм гæсгæ ис дæс хуыздæр регионы ʼхсæн. РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** куыд зæгъы, афтæмæй республикæмæ газ бауадзыны æмвæзад у 98 проценты. «Бæстæйы Президент Владимир Путин куыд бахæс кодта, афтæмæй газ фæхæццæ кæны цæхæрадæтты æмбалæдты онг дæр. Змæлдæн бауромæн нæй, разæй нæм æнхъæлмæ кæсы стыр куыст», – загъта политикон парти «Иугонд Уæрæсе»-йы регионалон хайады нымæрдар Сергей Меняйло.

**САНАТЫ Альбинæ**

**Аппаратон æмбырд**

# Æвзæрстытæ – æмбæлгæ уагыл

**Уыд РЦИ-Аланийы Хицауады æрвылкъуырион аппаратон æмбырд. Амыдта йæ республикæйы ног равзæрст Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО. Архайдтой дзы министрадтæ æмæ ведомствæты разамонджытæ, муниципалон скондты сæргълæуджытæ. Ныхас дзы цыд зымæджы хъармгæнæн рæстæгмæ цæттæдзинадыл æмæ æндæр ахсджиаг социалон-экономикон фарстатыл.**



Хицауады Сæрдары хæдивæджы хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Томайты Ирбег** фехъусын кодта республикæйы оперативон уавæр:

– Ивгъуыд къуырийы дæргъы республикæйы æвирхъау цаутæ бæрæггонд не ʼрцыд. Цæгат Ирыстоны фондз районы: Горæтгæрон, Алагиры, Рахизфарсы, Кировы æмæ Мæздæджы, стæй 32 хъæуы дарддæр дæр тæссаг у зынгсирвæзтытæй, уымæ гæсгæ дзы æххæстгонд цæуы сæрмагонд мадзæлттæ. Ивгъуыд къуыри ахуыссын кæнын бантыст 21 зынгсирвæзты.



Регионы сæрмагонд службæтæ архайынц бæрзонд цæттæдзинады уавæрты. Цæгат Ирыстоны автоинспекцийы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы фæндæгтыл æрцыд 108 фæндаггон фыдбылызы. Хъыгдард дзы байиæфтой 19 адæймаджы æмæ сæ æвæстиатæй рынчындонмæ аластой. Дыууæ адæймаджы дзы фæмард сты. Арвыком æмæ Трансками фæндæгтæ гом сты æппæт автотранспорты хуызтæн дæр. Республикæйы фæндæгтыл электронон рады æнхъæлмæ кæсынц 256 автотранспортон иуæджы. Уæрæсейы Федераци æмæ Гуырдзыстоны арæныл къуырийы дæргъы дыууæрдæм ахызтысты 26885 автотранспортон иуæджы æмæ 71510 адæймаджы, – загъта Томайы-фырт.

Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады регионалон управленийы хъусынгæнинагмæ гæсгæ, республикæйы ахуыссын кæнын бантыст 23 зынгсирвæзты, уыдонимæ – хус кæрдæджы сыгъд дæр.

Сергей Меняйло арфæ ракодта Мидхъуыддæгты оргæнтæ, Росгварди æмæ Æнæнхъæлæджы уавæрты министрады кусджытæн, æвзæрстыты рæстæг йæхи чи равдыста, уыцы кусджыты номхыгъд бацæттæ кæнын, цæмæй хорзæхгонд æрцæуой, уый тыххæй.

«Роспотребнадзор»-ы регионалон хайад фехъусын кодта, республикæйы эпидемиологон уавæр ныввыл кæй у, уый. Уыимæ, ОРВИ-йæ рынчынты нымæц зынгæ фæфылдæр, фæлæ эпидемиологон бæрæггæнæнтæй нæ ахызт. Рынчынты фылдæр хай сты сывæллæттæ – 75 проценты. Ахуыргæнæндæттæ æмæ рæвдауæндæтты алы райсом дæр цæстдард цæуы сывæллæтты æнæ-æхсæнадон фæтк æмæ æдасдзинад кæй бахъахъхъæдтой, уый тыххæй. Республикæйы Сæргълæууæг Мидхъуыддæгты, Росгварди æмæ Æнæнхъæлæджы уавæрты министрадæн бафæдзæхста, уæлдай зæрдиагдæрæй низдзинадмæ. Республикæйы грипп бæрæггонд не ʼрцыд. Ивгъуыд къуыри ног коронавирусон инфекци разынд 2 адæймагмæ.

РЦИ-Аланийы ахуырад æмæ наукæйы министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Алыбегты Эллæ** куыд радзырдта, афтæмæй рынчын сывæллæтты нымæц скъолаты у 9 проценты, рæвдауæндæтты та – 12 проценты.

Сергей Меняйло РЦИ-Аланийы цæрæнуатон-коммуналон хæдзарад, артаг æмæ энергетикæйы министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Хъараты Тимурæн** бафæдзæхста, артагæвгæнæн станцæты куысты, адæм цæмæй рады лæугæйæ, бирæ рæстæг ма хардз кæной, уый тыххæй спайда кæнын бархионты æххуысæй. Республикæйы Сæргълæууæг фæбæрæг кодта, шофыртæ рады дыккаг рæнхъæй куы ралæууынц, уæд иннæ машинæты цыдæн тæссаг уавæртæ кæй саразынц, уый. Уымæ гæсгæ, бархионтæ сæ цæст дардзысты æгъдаухæлдтытæм.

Сергей Меняйло ма æмбырды фехъусын кодта, министрты кабинеты ивддзинæдтæ кæй æрцæудзæн, уый тыххæй.

– Æнæмæнг фæзындзысты ног адæм. Кадрты фарста, ведомствæты разамонджытæ сæ куыст куыд æххæст кæнынц, уыцы бæрæггæнæнтæм гæсгæ лыггонд цæудзæн хæстæгдæр дыууæ мæйы дæргъы, – загъта Сергей Меняйло.

Æвзарæн къамисы сæрдар **Моргуаты Жаннæ** арфæ ракодта барадхъахъхъæнæг оргæнтæн, æвзæрстыты рæстæг æдасдзинады мадзæлттæ æмбæлгæ уагыл æххæстгонд кæй цыдысты, уый тыххæй.

– Цæгат Ирыстоны æппæт æвзарæн участоктæ дæр куыстой æнæкъуылымпытæй. Иунæг цæстдарæг дæр, уыдон та æдæппæтæй уыдысты минæй фылдæр, иу æгъдаухæлд дæр нæ раргом кодта. Æвзарæн къамисы куысты тыххæй нæм иу хъаст дæр не ʼрбацыд. Уый у нæ иумæйаг куысты бæрæггæнæн, – загъта Моргуаты Жаннæ.

Æмбырды ныхас цыд æндæр ахсджиаг нысантыл дæр.

**ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ**

**Хицауадæй**

# Хъалон исыны хæс æмæ æфтиæгтæ



**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг ДЗАНАЙТЫ Барис цы æмбырд сарæзта, уым ныхас цыд, зæххы хæйттыл хъалон æмæ хаццон фидыны хæс фæкъаддæр кæныныл. Архайдтой дзы профилон министрадты разамонджытæ, Парламенты минæвæрттæ, Дзæуджыхъæуы администраци æмæ республикæйы районты сæргълæуджытæ.**

Федералон хъалонисæн управленийы регионалон разамонæджы хæдивæг **Кæсæбиты Сергей** фехъусын кодта, хæсы бæрц зынгæ кæй фæкъаддæр, æмæ дарддæр дæр уыцы хъуыддагыл куыст кæй цæуы, уый.

Республикæйы паддзахадон исбонад æмæ зæххы ахастдзинæдты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Тедеты Руслан** дæр радзырдта, зæххы хæйттыл хаццон фидыны хæс фæкъаддæр кæныныл цавæр куыст цæуы, уый тыххæй. Ведомствæйы разамонæг куыд фæбæрæг кодта, уымæ гæсгæ зæрдиаг æмархайд цæуы хъалонисæг оргæнтæ æмæ муниципалон скондты сæргълæуджытимæ.

Дзанайты Барисы ныхасмæ гæсгæ, сæйрагдæр нысантæй иу у, бюджеты алы къабазмæ дæр æфтиæгты рæзт фæфылдæр кæнын. Ацы хъуыддагмæ йæ цæст дары республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** дæр.

– Æфтиæгтæ фæфылдæр кæныныл куыст у республикон æмæ муниципалон бюджетты сæйрагдæр фарста. Æфтиæгтæ цæмæй рæзой, уый тыххæй та хъæуы хъалон фидджытимæ ахадгæдæр куыст кæнын. Курын уæ, цæмæй уæ тыхтæ æрбаиу кæнат æмæ зæрдиагдæрæй бакусат хъалон исыны хæс фæкъаддæр кæныныл, – бафæдзæхста Дзанайты Барис.

РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдары хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг фæбæрæг кодта, хъалон исыны хæс фæкъаддæр кæнын домы æппæт къабæзты иумæйаг архайд.

Æмбырды фæлгæты бæрæггонд æрцыдысты сæйрагдæр нысантæ – хъалонтæ афойнадыл фидыны хъуыддагмæ карздæр цæстдард куыд уа, хæс фæкъаддзæр кæныныл зæрдиагдæрæй архайын æмæ æххæстгæнæг хицаудзинады оргæнтæ, муниципалитеттæ æмæ хъалонисæг оргæнты куыст фæахадгæдæр кæнын.

**ГÆБУАТЫ Галинæ**

**«Зонынад»**

# Рухстауæн лекцитæ



**Цхинвалы скъолаты скодтой рухстауæн лекцитæ, баст уыдысты терроризм æмæ экстремизм фæсивæды ʼхсæн не ʼруадзынимæ. Хъуыддæгтæ бантыстысты Уæрæсейы «Зонынад»-ы Хуссар Ирыстоны минæварады фæрцы.**

Афтæмæй цхинвайлаг фараст скъолайы хистæркъласонтæ байхъуыстой политикон наукæты кандидат, Хуссар Ирыстоны паддзахадон университеты политологи æмæ социологийы кафедрæйы доцент **Хъуылымбегты Линæмæ**. Уый рæгъмæ рахаста терроризмы фарсхæцæг фæуынæй бахизыны нысантæ.

Лектор лæмбынæг радзырдта, равзæрста, фæсивæды зыгъуыммæ зондимæ адæм сæ организацитæм куыд æрбасайынц, уыдæттæ. Пайда кæнынц психологон фадæттæй, знаггад хæссæг организацитæ æрыгæттæй æмцæдисонтæ куыд аразынц, уыдæттæ фæбæрæг кодта. Стыр æргом Хъуылымбегты Линæ аздæхта цифрон æдасдзинадмæ, ома, Интернеты уагæвæрдтæм, критикон хъуыдыкæнынады хицæуттæ суæвыны пайдамæ.

Кæронбæттæны ахуырдзаутæ райстой практикон амындздзинæдтæ, гуырысхойаг цаутимæ, адæмимæ сæмбæлгæйæ, сæ архайд куыд хъуамæ уа, уыдæттæ базыдтой. Хуссарирыстойнаг «Зонынад»-ы разамонæг **Гæджиты Аннæ** куыд загъта, афтæмæй рæзгæ фæлтæры æдасдзинад нырыккон инфорамцион тыгъдады у тынг ахсджиаг æмæ домы къæрцхъусдзинад.

Йæ хатдзæгмæ гæсгæ, ныртæккæ зыгъуыммæ зондылхæст адæм, организацитæ пайда кæнынц Интернеты тыгъдадæй, социалон хызтæй, архайынц, нырма сæ зондахаст кæмæн нæма сфидар, уыдоны сæхирдыгæй фæкæныныл. «Ацы лекцитæ æвдисынц сæ ахадындзинад, кæстæртæ лæмбынæг хъусынц лектортæм», – загъта Гæджиты Аннæ.

**Информацион агентад («РЕС»)**

Хæхбæстæ

# Нæ кæмтты, нæ фæзты

**2000 азты райдиан Хохы Хъахъхъæдурмæ куы абалц кодтон, уæд нæ зыдтон цы цымыдисаг хабæрттæ базонгæ уыдзынæн бынæттон цæрджытæй, уый. Уыцы рагон хабæрттæй иу уыд – Тæгайы дуры истори.**



Хохы-Хъахъхъæдур

Таурæгътæ адæмы æрымысгæ сфæлдыстад сты, фæлæ сæ мидис та ист цыдис æхсæнадон цардæй. Дæргъæвсгомы рæбындæр хъæутæй иу Хъахъхъæдур æрæнцад бæрзонд уæлвæз ран. Нымад цæуы æппæты фыццагдæр чи сæвзæрд комы, ахæм хъæуыл. Куыд дзырдтой цæрджытæ, афтæмæй, Хъахъхъæдур незаманты нæзыхъæдæй æмбæрзт уыдис. Цы адæймæгтæ йæм бафтыд, уыдон æй хъæдæй ссыгъдæг кодтой, стæй дон агурæг ацыдысты. Цæмæй ма фæдзæгъæл уыдаиккой, уый тыххæй дуртæ сæ фæдыл æвæргæ цыдысты æмæ сæ хуыдтой «хъахъхъæнæн дуртæ». Афтæ, зæгъынц фæзынд хъæу Хъахъхъæдур. Фæлæ ма ис æндæр вариант дæр, кæцы баст у зындгонд хъæйтар Тæгайы номимæ. Дæргъæвсгом сæхи Тæгайы байзæддаг хонынц. Сæ истори уымæй райдыдта, куыд сæ этносон фыдæл, ууыл Тæгиатæ дызæрдыг нæ кæнынц. Тæгайæн ма уыдис æфсымæр Куырта æмæ куы байуæрстой, уæд Куырта баззад, абон Куырттаты ком кæй хонæм, уыцы хæххон ран, Тæга та ахызт фаллаг коммæ-абоны Дæргъæвсгоммæ. Тæга фыццаг æрцæрæг уыдис æмæ кæм æрбынат кодта, уым егъау дуры раз сæвзæрд хъæу. Цæрджытæ йæ Хъахъхъæдур рахуыдтой. Хъæу цы бæрзонд хохы фахсыл æрæнцой кодта, уый фыдæй-фыртмæ хъахъхъæдуйрæгтæ хонынц «Тæгайы къуыбыр». Хъæуы астæу ис егъау къæдзæх-дур. Хистæрты ныхæстæм гæсгæ, Тæга йæ бинонтимæ æфцæгыл куы æрбахызт, уæд фыццаг ацы дуры сæрмæ схызт йæ фыртимæ. Дуры сæрæй куы акастысты, уæд доны сыр-сыр кæцæйдæр æрбайхъуыст. Тæга суадон агурæг фæраст æмæ йæ фыртæн бафæдзæхста, ды ацы дур хъахъхъæн, афтæмæй дæ ссардзынæн, зæгъгæ. Бынат йæ зæрдæмæ фæцыд æмæ дзы йæ бинонтимæ æрцард. Афтæ, йæ фæдзæхст «Хъахъхъæн дур» сси хъæуы ном. Дур абон дæр хъæуы астæу ис. Дæргъвæтин рæстæг æмæ йæ æрдзы тыхмитæ дæр нæ бадомдтой, у мæсыгæй дæр фидардæр, нæ æрызгъæлдысты йæ фæрстæ дæр, фæлæ лæууы æмæ фæлгæсы дардмæ. Тыхджын къæвдатæ йæ уалдзæг æмæ сæрд æхсынц, зымæгон та йæ мит йæ урс нымæты батухы.

Хохы Хъахъхъæдуры бирæ мыггæгтæ цардис, фæлæ се 'ппæт хæххон уавæртæн нæ бафæрæзтой, стæй цæрджыты нымæц дæр бирæ уыд æмæ сын бынат нал фаг кодта. Ралыгъдысты быдырмæ æмæ хицæн хъæу сарæзтой. Уый дæр абон хуыйны быдыры Хъахъхъæдур. Фыдæлты уæзæг зынаргъ у, зæрдæ дзы ратонын нæ комы æмæ, уыцы æнувыддзинад хистæрæй-кæстæрмæ цæуы. Абон хохы Хъахъхъæдуры ма цалдæр хæдзары баззад: Дудиатæ æмæ Аслæмырзатæ. Ис сæм электрон тых, алкæй хæдзары дæр æппæт хъæугæ нырыккон дзаума, уымæ гæсгæ, афтæ зæгъæн нæй, æмæ царды хæрзтæй фæиппæрд сты. Сæхи фыдæбонæй цæрынц, дарынц бирæ фос, зæххы куыст кæнынц, зæхх та дæрзæг къухты фæллой уарзы æмæ архайынц. Экологон æгъдауæй сæхи сыгъдæг продукттæ фæлхас кæнынц: дзидза, æхсыр, халсартæ, дыргътæ, цыхт, царв. Зæххы сыгъдæг сойæ цардысты сæ фыдæлтæ дæр æмæ æнæниз, хъаруджын уыдысты. Уæдæ хæххон уæлдæф та æвдадзы хос у алы адæймагæн дæр, уæлдайдæр рæуджытæ æмæ улæфæнтæн. Нæ рагфыдæлтæ хæхты æвæндонæй кæд æрбынат кодтой дурты сæр æмæ фыдæбон кодтой, уæддæр дзы алы фæлтæрæй дæр тынг бирæтæ сæдæ азæй фылдæр фæцардысты. Хъахъхъæдуры ахæм хистæртыл нымад уыдысты: Уыртаты Алимырза, фæцард 99 азы, йæ фыд Доли та – 132 азы, Бимболат 119 азы. Номхыгъды се 'ппæт не сты, уымæн æмæ дзы бирæты абоны фæлтæртæ нал хъуыды кæнынц, фæлæ ацы нымæц дæр фаг у хатдзæг скæнынæн, хохаг адæймаг æнæниздæр æмæ цæрæццагдæр кæй у быдирагæй, уый.

Тæгайы уæзæг æгæрон адджын у Дудиаты Полкайы-фырт Майрæмæн, фæлæ хъысмæт æгæр бафхæрдта зæхкусæг лæджы. Йæ бинойнаг Лидæимæ схъомыл кодтой чызг æмæ лæппу æмæ лæппуйыл æвддæс азы куы сæххæст, уæд топпы дзæгъæл гæрахæй фæмард. Сæ азтæ сыл бæрæг дарын райдыдтой æмæ сæ хæдзары къонайы арт цæмæй ма ахуысса, уый тыххæй сидзæрты хæдзарæй райстой уырыссаг лæппу, Бабенко Викторы. Иронау алы дзырд дæр æмбары, каст фæцис Дæргъæвсы райдиан скъола. Майрæм хъуыды кодта, йæ хистæртæй кæй фехъуыста, уыцы рагон хабæрттæ.



Тæгайы дур

Дæргъæвсаг Быдтаты Гæлæу æмæ хъахъхъæдуйраг Абайты Хъазджери кæнгæ æфсымæртæ уыдысты. Иу бон топпимæ архайдтой æмæ сын дзæгъæл гæрах фæкодта Тæссагæй дзы ницы рауад. Нæмыг Хъазджерийы æнæуи фæцъæррæмыхст кодта, фæлæ лæг фæтарст æмæ уæлгоммæ ахауд. Гæлæу уыцы хабар куы федта, уæд йæхи марынмæ æрцыд. Йæ хъуыры бын топпы бырынкъ акодта æмæ мæнгвæдæгыл æрхæцыд. Нæмыг хъуыры бынты сфардæг æмæ сæрыфахсæй схауд. Гæлæу амондджын стъалыйы бынмæ райгуырд, зæгъгæ зæгъæн ис. Бирæ рæстæг æй хъæуы хæдахуыр хосгæнджытæ дзæбæх кодтой. Аирвæзт æмæ фæцард сæдæ азы бæрц.

Алы хъæуæн дæр йæхи дзуар ис, кæцыйæн алы аз дæр йæ ном стыр кадимæ ссарынц цæрджытæ. Бæрæгбæттæн сæхи æгъдау æмæ фæтк и. Кæд Дæргъæвсгом æнæхъæнæй дæр Тбау-Уацилламæ кувынц, уæддæр кувæндон хонынц Гуццаты. Фæлæ Хъахъхъæдурæн дæр ис йæхи кувæндон. Æмбалты Зауырбег уæлыгæс цыдис хъæуæн. Иу бон æй арв æрцавта æмæ гыццыл лæппу амард. Уыцы бынаты арвæй рæхыс æрхауд. Хъахъхъæдуйрæгтæ йæ алы аз дæр нымæты батухынц æмæ йæ Тырфонмæ схæссынц. Уым æй суадоны нывæрынц æмæ уæд къæвдайæн æнæрауаргæ нæ вæййы. Ирон адæмы истори бирæ æнусон у æмæ хъæздыг. Рагзамантæй абонмæ тынг бирæ рæстæджытæ рацыд, адæмы цардæй уæлдай ма æрдз дæр аивта, фæлæ ирон адæймаг алкæддæр æмæ алкæмдæр йæ æвидигæ къухты фæллой æмæ быхсондзинад æвдыста. Ацы миниуджытæй ма абон дæр бирæтæ сты хайджын, фыццаджыдæр – хохæгтæ. Уыдон нæ зонынц фæллад, мады æхсырау сын адджын у сæ фыдæлты уæзæг æмæ йыл æнувыд сты.

## Зæронд хиды истори

Мызурæй Нузалы астæу Æрыдоны доны сæрты, фаллаг фарсмæ бахизынæн зæронд хид канд туристтæн нæ, фæлæ нæхи республикæйы цæрджытæн дæр цымыдисаг уыдзæн.

Ссæдзæм æнусы астæу, 50-æм азты йæ чи сарæзта, уыцы лæджы ном абон ничиуал зоны, фæлæ мын радзырдтой, зæгъгæ, ацы хиды арæзтадыл, уыцы рæстæг, цы 'мбæлд, уымæй фылдæр схардз кодта æрмæг: цемент, хуыр, змис æмæ æфсæйнаг. Уый тыххæй йæ æрцахстой æмæ йæ ахæстоны сбадын кодтой. Уым уæззау низæй фæрынчын æмæ амард. 60-æм азты Æрыдоны дон раивылд æмæ йæ хъæлæсы ахаста иннæ хидтæ, ацы хид та æнæхъæнæй баззад. Афтæмæй, Уæлладжыры комы хиды рдыгæй бæрзонд къæдзæхтыл цы хъæутæ уыдис, уыдоны цæрджытæ æнæмæтæй хидыл хызтысты. Бирæ рæстæг рацыд æмæ абон дæр хид лæууы, фæлæ тынг зилинаг у. Йæ фæтæн уаддзаджы цемент ранæй-рæтты ныккалд, фæлæ æфсæн æмæ бетон хæйттæ уæддæр фидар сты æмæ йыл машинæтæ бацæуынц, уæлдайдæр йæ фаллаг фарс дæлстанцæ ис æмæ уый кусджытæ.

Диссаг у цард, æвæдза. Адæмæн хорз æмæ фæрнджын хъуыддаг чи сарæзта, уый Сыбыры бинаг къæйы амæттаг цæмæн бакодтой, йæ хæдзармæ куы нæ ахаста уыцы арæзтадон æрмæг, комбæсты цæрджыты удæнцойæн куы бацархайдта, уæд йæ рæдыд цæй мидæг уыдис? Лæджы хиды тыххæй фесаф, ахæм тæрхон ын уæд чи рахаста, æгæр-мæгуыр йæ ном æмæ мыггаг дæр куы нæуал сбæрæг сты, уæд.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

Æнæнтыст макуы фæуай

# Хох айкæй цавдæуы

**Мæ кæстæры кæстæр Сослан нырма скъоламæ бацæуыны кары нæма ис, фæлæ ас, фенддждын лæджы зондау у йæ зонд, хъæрæй дзураг у, æфсадхоны бардзырды хуызæн. Фæлæ – тæнзæрдæ, чысыл схуыст ныхасæн дæр нæ быхсы, уайтагъд йæ зæрдæ суынгæг вæййы, йæ цæстытæ доны разилынц…**

Цæвиттон, йæ мадæрвадæлтæ æрыдойнæгтæ сты, æмæ сын сæ чызджы дыууæ хъæбулы æрцыд къæвдабон хур ракæсæгау вæййы. Иу изæр не 'фсин æмæ чындзы мад тилифонæй, хорз хиуæттау, зæрдæбын, уарзон ныхас кодтой. Æз дæр уыцы уаты мæ хуыссæнуаты фæскуыст мæхи æруагътон, æмæ мæм хорз хъуысти сæ ныхас. Искæй ныхæстæм хъусын аив нæу, фæлæ уæдæ мæ хъустæ цы фæкодтаин, стæй сæм сусæггагæй дæр ницы уыдис. Чындзы мад дзырдта, зæгъгæ, дам, мæнæн мæ хъæбулы хъæбултæ мæ зæрдæйы уидæгтæ сты, фæлæ, дам, Сослан æгæр фыдуаг у æмæ, дам ын хатт йæ лæбæзтæ дæр æркъæрццытæ кæнын. Уый, дам, мын уæд афтæ фæзæгъы, иннæ бабу мыл хъæр дæр никуы скодта уæд ын не 'фсин афтæ зæгъы, æвæццæгæн, дам, сывæллон æнæ над нæ рæзы, фæлæ йын æз сабырæй цы фæзæгъын, уый æнæзивæгæй сæххæст кæны. Уый тыххæй ма дзы æппæлгæ дæр ракæнын æмæ кæрæдзийæ райгондæй баззайæм...

Æз дыууæ уарзон хæстæджы ныхасгæнгæ ныууагътон, иннæ уатмæ ахызтæн фæлæ мæхи бафарстон: «Хъæр-хъæрæй нæ сысы, хох айкæй цавдæуы, зæгъгæ-иу цæмæн дзырдтой нæ фыдæлтæ?»..



## Уадз æмæ…

Къостайы «Гино» ма мын радзур, зæгъгæ, мæ фырты фырт Сосланæн куы фæзæгъын, уæд уайтагъд гæркъæраг фесты:

«Гино, гино, гис,
Иу гæды нæм ис.
Хъарм фæлмæн кæрц дары.
Къонайыл хуыссы.
Аргъæуттæ мысы.
Хъал зæрдæйæ зары»…

Кæддæр махмæ цы гæды уыд, уый къонайыл нæ хуыссыд, фæлæ нæ хæдзары къуымы цы ирон дурын пец уыд, уый дæлтъурыл, пецы уæхскыл. Суг æмæ æвзалыйы арты хъарммæ. Кæннод та-иу куы кæй дæлфæдтæм æруагъта йæхи, куы кæй. Æмæ йæ хъыгдаргæ дæр ничи кодта, бинонтыл нымад уыд. Гæды йæхимидæг хъуыр-хъуыргæнæгау кодта, цыма, аргъæуттæ мысыд æмæ сæ махæн дзырдта. Абон дæр ма йæ фæлмæн кæрцы хъарм, цыма, мæ къæхтæй нæма ссыд, афтæ мæм фæкæсы.

Бинонтæ-иу тарф фынæй куы баисты, уæд та-иу хæдзары къуымты мыстытыл цуан кодта. Хъуццытæ дардтам æмæ-иу ын нæ мад ногдыгъд хъарм æхсыры хуыпп дæр куыннæ авæрдта, уæдæ-иу æм фынгæй дæр истытæ æрхаудта. Фæлæ йæ гуыбындзæл ахуыр нæ кодтам, мыстмæ дæр куыд никуал басмыстаид, афтæ.

Ныр бирæтæн гæды сæ удхæссæг фестад, сæхимæ йæ æмгæрон нæ уадзынц, уайтагъд æй феддæдуар кæнынц. Уый ма, мæгуырæг, дуары зыхъхъырæй мидæмæ бакæс-бакæс фæкæны... Гæдытæ нæм цалдæр гæдыйы дæр ис. Нæ фыдæй нын баззадысты. Уый сæ дардта. Мидæмæ дæр-иу йæ фæстæ схъæлбæрзæй æмæ схъæлдымæй бараст сты, æмæ дзы æцитт дæр никуы никæмæн загъта.

Фæфæнды мæ, Сослан иу гæдыйы лæппыны йæхиуыл куы æрæууæндын кæнид. Уæд хуыздæр бамбарид, æмæ банкъарид, Къостайы æмдзæвгæ «Гино»-йы хъарм, æмæ мын æй, гæркъæрагау, зæрдиагдæрæй ракъæр-къæр кæнид зæрдывæрдæй:

## Æз Нарты Сослан дæн

Уæд дын иу зымæгон æхсæв Сосланæн афтæ зæгъын: «Ахсæв мæ фарсмæ схуысс æмæ дын æз аргъау ракæнон, мæнæн дæр-иу гыццылæй баба аргъæуттæ кодта, йæ дæлфæдтæм хуыссыдтæн, афтæмæй. Баба, æндæр хатт, дам, мын æй ракæндзынæ, ахсæв æз мамайы фарсмæ хуысдзынæн, папæ кусынмæ ацыд, мама, дам, рухс куы ахуыссын кæны, уæд талынджы тæрсгæ фæкæны. Æмæ, зæгъын, Сæрмæт уым куы ис... Æмæ, дам, Сæрмæт, Сæрмæт у, фæлæ æз та Сослан дæн, Нарты Сослан!..

## Алцыдæр дыууæрдæм у

Нæ хæдфарсмæ Абайтæ цæрынц. Сæ кæстæртæ Хетæг æмæ Давид æмгæрттæ сты, æддæмæ сæ уынгмæ раздæр чи рацæуы, уый иннæмæ йæ номæй фæхъæр кæны. Куы баиу вæййынц, уæд сын фырцинæй уынг уынгæг кæны.

Иу бон та, сæ зæрдæты дзæбæхæн фæхъазыны фæстæ, махмæ æрбахостой. Сослан сæ æрбакодта æмæ мæм дзуры: «Уазджытæ, уазджытæ, баба!» Зæгъын, уазæг – Хуыцауы уазæг. Мидæмæ сæ рахон, истæмæйты сæ суазæг кæн. Сослан сын сæ къухты фæйнæ къафетты фæсагъта, сæхæдæг дæр, дам, афтæ фæкæнынц, куы сæм бацæуын, уæд.

О, зæгъын, алцыдæр дыууæрдæм у, хорз куы ракæнай, уæд дæм фæстæмæ здæхы…

Чи кæй хъомыл кæны?

– Сослан, сæдæ сомы дын ратдзынæн, дæ хæринаг иууылдæр куы бахæрай, уæд, – загъта фыд йæ фыртæн. Лæппу хæрд куы фæци, уæд йæ фыдмæ дзуры: «Папæ, дæ ныхас дын сæххæст кодтон æмæ мын мæ сæдæ сомы æри!»

Нæй мæм, зæгъгæ, бакодта фыд:

– Уæдæ дын æз мæхæдæг дыууæсæдæ сомы дæттын æмæ сайгæ ма кæн, – тызмæгæй сфæрæзта Сослан.

## Æнæнтыст макуы фæуай

Газет «Рæстдзинад»-ы профцæдис, æрвылаз куыд вæййы, афтæ та сæ кусджыты сывæллæттæн ракодтой Ног азы лæвæрттæ. Хъæбулы хъæбултæ дзы кæмæн ис, уыдонæн дæр дзæвгар сты æмæ сæ æнæрхъуыдыйæ нæ ныууагътой – сæ зæнджымагъз, сæ фидæны хурæскаст сты. Мæнæн дæр радтой дыууæ цæхæркалгæ лæвары алыхуызон адджинæгтимæ. Адджынæй, дзадждджынæй фæцæрæнт, сæ кæстæрты хуртæй æфсæст уæнт, кæй хъæппæрис уыд, уыдон.

Нæ хæдзармæ сæ куы ныххастон, уæд сыл сывæллæттæ тынг фæцин кодтой. Сослан сæм бирæ фæракæс-бакæс кодта, фæлæ дзы ницæмæ æрæвнæлдта. Зæгъын, цæуылнæ хæрыс, дæ зæрдæмæ нæ цæуынц. Æмæ, дам, сæ æнæ сымах иунæгæй бахæрон, худинаг у. Мæнæ-иу Ногбоны æртхурон, бинонтæ цал сты, уал дихы куы акодтой, афтæ йæ адджинæгтæ уаргæ разылд – алкæмæн дæр йæ хай радта. Лæппу йæ уыцы æрхъуыдыйæ, цыма, мæ цæсты ноджыдæр сыræзт, стæй мæхæдæг дæр стырдæр фæдæн, афтæ мæм фæкаст... Æнæнтыст макуы фæуай, Сослан!..

**АБАЙТЫ Эдуард**

Поэзи



**МÆРГЪИТЫ Ирбег**

## Цхинвал

*Леуахи уæрæхдæрæй кæм уайы,*
*Хæхты рæбын айтынг ис нæ ком.*
*Цъититæ та æрдзы*
*уындæй тайынц,*
*У фæлыст сыгъдæг тыхтæй*
*йæ ном.*

*Незаманты равзæрдис ам сахар,*
*Хуры фырттæ схуыдтой йæ «Цхинвал».*
*Алкæмæн ам кувæндон йæ хæдзар,*
*У Хуыцауæй сагсуртæн лæвар.*

*Карз дугтæ йæ фæлгæтты хылдысты,*
*Балгай йæм тыхгæнджытæ бырстой.*
*Знæт арты-иу рухс къуымтæ сыгъдысты,*
*Милмæ та йæ раст удты æхстой.*

*Фениксау æртхутæгæй-иу сыстад,*
*Айнæгау нæ йын уыдис сæттæн.*
*Сахъ фæсивæд, зæдтæ сты йæ æфсад,*
*Стыр Хуыцауæн уарзон у æстæн.*

*Цхинвал у ирон адæмы уаз къæс,*
*Ардхæрæн – мыггагмæ та йæ ном.*
*Дуджы фарн дæ рухс цырæгътæй рахæсс,*
*Фарны тæгтæй барайа йæ сом*

**09.02.2009 аз**

## Æз райгуырдтæн хохы

**Æз райгуырдтæн хохы,**
**Нæ Ир зæхх – фæрнджын.**
**Нæ баззад нæ рохы,**
**Нæ мит уард – фæрвджын.**

**Æдзухæй дæр хъуыстон**
**Ирон дзырды мыр.**
**Мæ риуы æхсыстон**
**Къостайы фæндыр.**

**Зынаргъ мын куыд нæ уа**
**Иры дзыхъхъ, мæ къæс.**
**Фыдгул дзы куы 'рлæууа,**
**Йæ сурын – мæ хæс.**

**Мæ катай мæнæн у**
**Ирон дзырды мыр.**
**Уæд марг та кæмæн у,**
**Уый байсæфæд ныр.**

**Ирыстон ирæттæй**
**Куы хуыйны æрмæст.**
**Ирон зæлты тæгтæй**
**Куы у уый ныуæрст.**

**Фæлæ нын куы нæ уа,**
**Уæд Ир дæр кæлдзæн**
**Хæддзу нæ куы схъауа –**
**Нæ уаз зæхх кæудзæн.**

**Нæ сурæм æндæрты,**
**Уæлдæф нын у фаг.**
**Фæсурæм æлдæртты, –**
**Нæ зæрдæ сæ – дзаг.**

**Хæддзутæй та абон**
**Æлдæрттæ кæнæм.**
**Æвдæрзы нæ сау бон,**
**Сæ хызы кæлæн.**

**Нæ дзыллæ, зæгъут-ма,**
**Цæуыл уыд нæ тох?**
**Ивгъуыд азты дугтæ**
**Куыд фæкодтам рох.**

**Цы уæлдай у Ирæн,**
**Тæдзынæг-цыхцыр.**
**Æлдæрттæ нæ хинæй**
**Куы сафой æмыр.**

**Фыццаг уал гуырдзийаг,**
**Æндæртæ – ныр та.**
**Нæ сомбон куырмийаг,**
**Хъар додой ды та.**

**Æви нæм ныр нал ис,**
**Нæ фыдæлты фарн?**
**Иры зæхх уæд бариз,**
**Мах сафæм æфсарм.**

**Зæрдæрыстæй лирæ,**
**Фæкæн мын мæ хъард.**
**Кæд мæ хъусид иу лæг,**
**Чи бахордта ард.**

*23.01.11аз.*

* * *

***Лæгау-лæг алкæй нæй æсхонæн,***
***Лæгау-лæг не 'хсæн у æстæм.***
***Нæ ком нæ басудздзæн æскойæ,***
***Фæлæ нæ фидæн у æвзæр.***

**20.06.2008 аз**

## Наз бæласæн

*Кæсын дæумæ, мæ наз бæлас, æнкъардæй,*
*Ды дæр мæнау – дæ хъысмæтæй æфхæрд.*
*Фæхус кæнынц дæ къабузтæ æдзардæй, –*
*Мæнау, дæу дæр куы нæ рæвдауы сæрд.*

*Мийаг ды дæр æмырæй, митау, тайыс,*
*Дæ зæрдæ дын æгæрон маст хæры.*
*Æвæндонæй дæхи фыд фынтæй сайыс,*
*Фыдцъылыз уд дæ нал уадзы цæрын.*

*Æмбарын уæд, мæ наз бæлас, дæ сагъæс,*
*Дæ катай æмæ саст уды хъæрзын.*
*Хъæн зæрдæйæ лæдæрсы цæссыг арæх,*
*Дæ уидæгтæй дæр райхъуысы кæрзын.*

*Зæгъын дын æз, кæй нал дæ ды ныр иунæг,*
*Кæй æвдæрзы кæйдæрты та фыддæр.*
*Æрхæндæгæй дæ быны бады иу лæг,*
*Йæ зæрдæ – рыст, йæ царды рад – зындæр.*

**2009 аз**

Историйы сыфтæ

# Сæдæ азы размæ ист къам

**Ивгъуыд æнусы зынгæ æхсæнадон æмæ паддзахадон архайæг Байаты Гаппо йæ мысинæгты куыд фыста, афтæмæй Ирыстоны фыццаг къамисæг уыди Дзанайты Садуллæ Дзæуджыхъæуæй, дыккаг къамисæг та цард æмæ куыста Хуымæллæджы – Туаты Гого. Мæнæ ацы къам дæр уый ист у 1926 азы, уынут дзы Бызыккаты Мæцыхъо æмæ йæ кæстæр хо Залуханы, фæстæдæр уыд бесланыхъæуккаг Хуызмиаты чындз.**



Ацы Мæцыхъойæ дын, газеткæсæг, мæ бон ницы радзурын у, нал æй хъуыды кæнынц мæ хъæуы ныры хистæртæ дæр, фæлæ се 'хсæн арæх рацæуы уымæн йæ фаззон æфсымæр Цымыхъойы кой. Уый, дам, уæды рæстæг адæмы 'хсæн æппæтæй зынгæ дæр уынд æмæ кондæй дæр бæрæг дардта се 'хсæн, иннæтæй хицæн кодта йæ цæнгты хъаруйæ.

Кодта базарады куыст, уæртæ-иу сыхаг Гуырдзыстонæй ласта къахетаг сæн ам уæй кæнынмæ. Боцкъайы-иу цыд 500 литры бæрц, цалдæр хатт, дам-иу æй уыцы дард фæндагыл аивын хъуыд йæ бæхуæрдоны цалх, фæлæ, дам-иу, никуы никæй æххуыс бацагуырдта, йæхæдæг, дам-иу, йæ фæтæн уæхсчытæй гуыффæйыл схæцыд, цалх-иу рафтыдта, иннæ цалх-иу 'рбатыдта.

Кæцыдæр аз Тифлисы нæ фæллад суадзæм, зæгъгæ, дам, Курадоны был йæ дыууæ 'мбалимæ циркмæ бацыдысты. Ам-иу программæмæ гæсгæ æппæты фæстæ хæцынмæ рацыдысты богæлгтæ. Кæронбæттæны цирчы амонæг адæмæн фехъусын кодта:

– Кæд уæ исчи йæ ныфс хæссы, мæнæ ныртæккæ се 'ппæты дæр чи рамбылдта, уыимæ рахæцын, уæд, табуафси, сæйраг приз ын ратдзыстæм…

Цымыхъойы йе 'мбæлттæ баййардтой, ацу, бафæлвар, зæгъгæ, æмбылд йеддæмæ ма исты кæндзынæ. Раздæр сын нæ куымдта, стæй, уыдон æгæр-æгæр куы кодтой, уæд сыстади. Аренæйы хъæбысæй хæцыны сусæгдзинæдтæ кæцæй зыдта, фæлæ йын иузаман бантыст гуырдзиаджы йæ къух æмæ йæ къахæй æрцахсын. Уымæ бакæсынæй диссагдæр, дам, ницы уыд: хæрдмæ йæ систа, зыгуымы голагау, дам, æй фæрахæс-бахæс кодта, стæй йæ уæд йæ фæсонтыл уæздан æрæвæрдта. Цалдæр боны, дам уыцы стыр горæты æндæр кой нал уыд, ирон цæрдæг лæппу, дам нын нæ домбайдæр богалæй фæхъазыд. Цирчы кусджытæ, дам ын бирæ фæлæгъстæ кодтой, ам, махимæ, базай, мах, дам дын æгас дуне фенын кæндзыстæм.

Не сразы Цымыхъо, æз, дам, мæ Хуымæллæг уæ Тифлисыл нæ ивын…

**Ацы 'рмæг нæм сæрвыста нæ газеты иузæрдион хæлар ДАУЫРАТЫ Дамир**

Радон номыр

# «Мах дуг» мыхуыр кæны




**Мыхуыры рацыд «Мах дуг»-ы ацы азы 9-æм номыр. Рубрикæ «Æмдугоны хъуыдытæ»-йы Уæрæсейы архитекторты цæдисы бынмæ – цæгатирыстойнаг хайады сæрдар Алыккаты Русланы хъуыдытæ.**

**Боциты Бароны райгуырдыл сæххæст 125 азы. Журналы мыхуыргонд æрцыд йæ иуактон комеди «Чи кæй сайдта?»**

**Гуыцмæзты Алешы райгуырдыл сæххæст 75 азы.**

**Прозæуарзджытæ йын зæрдиагæй бакæсдзысты йæ радзырд «Бæхы хæрд æмæ чысыл лæппу».**

**Алешы тыххæй сæ хъуыдытæ зæгъынц: Нафи, Хъазиты Мелитон, Гусалты Барис, Гæбæраты Юри, Хъодзаты Æхсар, Дзуццаты Хадзы-Мурат, Хостыхъоты Зинæ, Хаджеты Таймураз.**

**Бызыккаты Земфирæйыл сæххæст 75 азы. Поэзиуарзджытæ тынг зæрдиагæй бакæсдзысты йе 'мдзæвгæты цикл «Фыдæлты фарн – нæ тых æмæ нæ хъару».**

**Журналы ма сты Хуыбиаты Таймуразы æмдзæвгæтæ дæр.**

**Рубрикæ «Публицистикæ»-йы бынмæ – Мамиаты Таймуразы уац «Цардæттæг фæндаг».**

**Журналы дарддæр мыхуыргонд æрцыд Гусалты Барисы «Дзырд Хуыцау дугæй-дугмæ».**

**«Мах дуг»-ы равдысты – Ходы Никъалайы райгуырды 90 азы юбилеймæ, йæ цард æмæ сфæлдыстадыл дзурæг къамтæ.**

**Бакæсинаг сты Дауыраты Дамиры радзырдтæ æмæ хабæрттæ.**

**Журналы ма ис æндæр бакæсинæгтæ дæр.**

***АБАЙТЫ Эдуард***

Цыбырæй

# Зонджын дзы куы нæ зæгъа…

***Дæхи хорздзинады кой цас фылдæр кæнай, уый бæрц дæ адæм къаддæр уарздзысты.***

*Лæварæй дæм цы 'рбахауинаг у, уый хуыздæр у æхца райсынæй.*

***Зонындзинæдтæн бынтæн ныууадзæн нæй.***

*Хорздзинад адæймаг йæ зæрдыл бадары бирæ рæстæг, æвзæрдзинад – ноджы фылдæр.*

***Хуыцау адæймагæн дыууæ хъусы æмæ иу дзых уымæн радта, цæмæй фылдæр хъуса æмæ къаддæр дзура.***

*Хуыцау нæм мæсты кæны нæ хæрам миты тыххæй, адæм та – не 'нтыстыты тыххæй.*

***Хуыцау дæ 'взæр сылгоймæгтæй бахизæд, хæрзтæй та дæхæдæг дæхи ирвæзын кæн.***

*Зæронд кæнгæйæ, адæймаг æвзæр уынын байдайы, фæлæ – фылдæр.*

***Цæуæй тæрс, да разæй куы уа, уæд, бæхæй – дæ фæстæрдыгæй, æдылы адæймагæй та – дæ алыварсы 'рдыгæй дæр.***

*Де 'рыгон бонтæ кæуыл аййафай, ахæм бæх нæма райгуырд.*

***Цъаммары ахуыр ма кæн, уый бæсты йын æмбаргæ хуызы бацамон.***

*Хъадамантæ сыгъзæринæй конд куы уой, уæддæр хъадамантæй уæлдай ницы сты.*

***Хæлæг макæмæ кæн: алкæмæн дæр хъыг æмæ мастæй йæхи хай ис.***

*Фæстæдæр куыдзы мард ныккæнай, уый бæсты раздæр амæлын хуыздæр у.*

***Буарæн ссыгъдæггæнæн ис, удæн – нæ.***

ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ

Национ проекттæ

# Æнæниздзинады хос

**Национ проект «Бинонтæ»-йы бындурыл, федералон проект «Хистæр фæлтæр»-ы нысантæ æххæстгæнгæйæ, Цæгат Ирыстоны Мæздæджы инвалидтæ æмæ хистæр кары адæмæн социалон лæггæдты паддзахадон бюджетон «Хæдзар-интернат»-ы ацыдысты «Стоп деменция», зæгъгæ, радон ахуыртæ. Уыдон арæзт цæуынц, хистæртæн сæ хъуыдыкæнынад æмæ сæрызонды ирддзинад цæмæй фылдæр хъахъхъæд цæуа, уый тыххæй.**

дыйад адарддæр кодтаид, афтæмæй дзы иумæйаг истори саразын хъуыд. Ахæм сæрæндзинад та тынг хорз гæнæн у адæймаджы дзырдыхъæды рæзт æмæ æмныхасы мадзæлттæн. Ахæм фембæлдтытæн стыр ахадындзинад ис дæргъвæтин царды



Фембæлд арæзт æрцыд хæлардзинады уавæры. Цæмæй сæры магъз «райхъал» уа, уый тыххæй ахуырты архайджытæн саразæг нейрогимнастикæ: гæххæттыл дамгъæтæ æмæ нымæцтæ кæрæдзимæ æфтыдтой, æмбæхст нывтæ фæстæмæ сæ бынæтты раст æвæргæйæ. Кæд хуымæтæг фæлтæрæн уыд, уæддæр, ахъаззаг «нейронные связи» кæй хонынц, уыдон фидардæр кæнынæн. Уый фæстæ сфæлдыстад – арт-терапиямæ рахызтысты. Тематикон нывтæ ахорыны мадзал сын канд биноныг хъуыды кæнынæн нæ уыд ахъаз, фæлæ ма сæ равг дæр циндзинадмæ раивта. Ахуыртæ фесты хъазт «Слово за слово»-йæ. Йæ мидис хуымæтæг уыд: радыгай хъуамæ алчидæр йæ сыхаджы хъуыпрограммæйы, нысантæ æххæстгæнгæйæ. Уыдон нын ноджыдæр ма иу хатт бæлвырд амонынц сæрызонды ирддзинад æмæ хъуыдыкæнынадæн тренировкæтæ кæнын, канд æнæнизы фарста нæу, фæлæ ма æхсызгонæй рæстæг арвитынæн дæр.

**САУТÆТЫ Тамилæ**


## РЕКЛАМÆ, ХЪУСЫНГÆНИНÆГТÆ

**Газет "Рæстдзинад"**

хицæн адæймæгтæ, куыстуæттæ, кооперативтæ, алыхуызон фирмæтæ, кинотеатртæ, клубтæ æмæ салонтæй асламдæр æргътæй исы алыхуызон хъусынгæнинæгтæ – бæрæгбæттæ, куывдтæ, чындзæхсæвтæ æмæ райгуырæн бонты фæдыл арфæтæ, тæфæрфæстæ, мысæн бонты æрмæджытæ, рекламæ, уыимæ – газеты радон, науæд та хæстæгдæр номыртæм.

**КУСГÆ БОНТÆ** – къуырисæр, дыццæг, æртыццæг, цыппæрæм, майрæмбон (9 сахатæй 18 сахатмæ).

**25-67-03**

**Профессиональная обрезка плодовых культур.
Научно обоснованные консультации по подкормке растений конским перегноем.
Тел.:
8-928-856-90-89;
8-928-856-90-83 (Руслан).**




**Цыппæрæм хатт мыхуыры рацыд Цгъойты Хазбийы чиныг «Ирон царды æгъдæуттæ». Адæм та йыл æхсызгонæй сæмбæлдысты. Балхæнæн æй ис Мыхуыры хæдзары дыккæгæм уæладзыджы, йæ аргъ – 500 сомы. Бадзурæн ис Тая Доронинамæ ахæм телефонтæй: 8-928-483-46-51; 25-92-72.**

**Покраска ворот компрессором, не снимая ворот.
Тел.: 8-918-706-65-15
(Казбек).**

**Оказываю услуги электрика качественно, надежно.
Все виды работ с гарантией.
Выезд и консультация бесплатно.
Тел.:
8-918-702-00-82 (Казбек).**

**Для повышения плодородия почвы продаем лучшее органическое удобрение – конский перегной в мешках.
Доставка.
Тел.:
8-928-856-90-89; 8-928-856-90-83
(Руслан).**

**Кладка каминов, мангалов, отопительно-жаровочных комплексов, осетинских печей под газ и под дрова.
Гарантия работы – 30 лет.
Работают профессионалы.
Тел.: 8-988-830-81-12 (Ирбек);
8-928-484-24-58 (Хамиц).**

**Выполняем ремонтные работы: шпаклевка, обои, карнизы, откосы, покраска, ламинат.
Тел.:
8-989-039-78-89
(Казбек).**

**Металлоизделия: ворота, двери, навесы из лексана, металлоконструкции любой сложности.
Тел.:
8-928-928-88-24.**





Номыры радхæссæг редактор — **Гугкаты Жаннæ.**
Дизайн: 1-аг фарсæн — **Халиты Изæ;**
2-аг фарсæн — **Рубайты Нелли;**
3-аг æмæ 4-æм фæрстæн — **Гуыцмæзты Зæринæ.**
Корректортæ: 1-аг фарсæн — **Дзоцъиты Тамарæ;**
2-аг фарсæн — **Гаглойты Наташæ;**
3-аг фарсæн — **Хъойбайты Галинæ;**
4-æм фарсæн – **Кæлухты Фатимæ.**

**"Рæстдзинад" цæуы къуыри 5 хатты**

**Газет уадзы РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникацийы комитет.**

**Газет регистрацигонд æрцыд Бастдзинады, информацион технологитæ æмæ дзыллон коммуникацийы къабазы архайдмæ цæстдарды федералон службæйы РЦИ-Аланийы управленийы 2023 азы 10 октябры (регистрацион номыр ПИ № ТУ 15-00162)**

**Сæйраг редактор ФИДАРАТЫ Юрий**

**Сæйраг редакторы исæн уат – 25-96-27.**

Сæйраг редакторы хæдивæг: **Бутаты Эльзæ – 25-63-19.** Бæрнон нымæрдар: **Гапбаты Алетæ – 25-91-89.** Шеф-редактортæ: **Касаты Батрадз – 25-93-74, Абайты Эдуард – 25-99-33.** Рауагъды редактор: **Гæззаты Фатимæ – 25-96-16.** Сæйраг бухгалтер: **Дойаты Ленæ – 25-94-19.** Уацхæсджытæ: **Саутæты Тамилæ, Татьяна Шеходанова** (къамисæг) – **25-96-31, Баскаты Уырызмæг – 25-91-88, Гугкаты Жаннæ – 25-96-50, Дедегкаты Зæлинæ – 25-94-57, Хъойбайты Галинæ – 25-90-54, Хæмыцаты Морис – 25-93-68, Хуыбиаты Ларисæ – 25-96-31.** Сайты редактор: **Хозиты Дзерассæ – 25-90-54.** Рекламæйы хайады сæргълæууæг: **Бызыккаты Земфирæ – 25-67-03.** Корректортæ – **25-93-36,** компьютерон цех – **25-93-97.**

➢ Нæ газетæй ист æрмæгæй æндæр мыхуырон рауагъды пайдагонд куы цæуа, уæд хъуамæ, æнæмæнг, бæрæггонд уа, "Рæстдзинад"-æй йæ кæй систой, уый.
➢ Фыстæджытæ, къухфыстытæ, къамтæ æмæ нывтæн рецензи нæ дæттæм, стæй сæ автортæм дæр фæстæмæ не 'рвитæм.
➢ Газеты цы æрмæджытæ рацæуа, уыдоныл бæрндзинад хæссынц сæ автортæ.
➢ Рекламæ æмæ хъусынгæнинæгты тыххæй "Рæстдзинад"-ы редакци йæхимæ бæрндзинад нæ исы.

Редакци, рауагъдад æмæ типографийы адрис: 362015, РЦИ-Алани, г. Дзæуджыхъæу, Къостайы проспект, 11. Мыхуыргонд цæуы акционерон æхсæнад "Ирыстон-полиграфсервис"-ы

Офсетон мыхуыр
1.88 мыхуырон сыфы.
Газет цæуы къуыри фондз хатты.
Индекс 53901. Тираж 2530.
Заказ № 1045.
Мыхуырмæ хъуамæ фыст æрцæуа – 18.00.
Мыхуырмæ фыст æрцыд – 18.00.

**Email: rastdzinad@mail.ru**
**Сайт: www.rastdzinad.ru**